ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№104 (21.512) ● 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 4, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен: Къызэрытщыхъуу щытам хуэдэу шынагъуэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм ящыщ куэд махуитІ ипэкІэ «Вести-24» телеканалым щепльащ «Кризисым теухуауэ губернаторэхэм жаІэ» проект хэхам хиубыдэу КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен драгъэкІуэкІа интервьюм. Мы каналыр жэщми махуэми Европэм, Восток Гъунэгъум, США-м щолажэ, Урысейм и закъуэ абы щеплъхэр щІыху мелуан 50-м нос.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щыІэ социально-экономикэ щытыкІэм, дуней псом финансКъуэхуэр зэрящыгъэІыхьам кьыхэкІыу республикэм и зыужьынигъэм кьыщыхъу зэхъуэкІынигъэхэм, нэгъуэщІхэми ятеухуа упщІэхэм КЪБР-м и Президентыр зэпкърыхауэ жэуап яритащ.

- Дэ фІым дыхэзыгъаплъэ тегъэщІапІэхэр щыІэщ, - жиІащ Къанокъуэ Арсен. - Мы гъэм и кварталым бюджетым и хэхъуэхэм я хэкІыпІэхэм проценти 5 кьыщІигъащ. Бжьыхьэ кІуам, кризисым и яп Іуэхугъуэхэм гу зэрылытгэу, дэ бюджетым дыхэплъэжри, кьыдгурыІуащ экономикэр зэІыхьэнкІэ зэрыхъунур икІи хэхъуэу кьытІэрыхьэнур процент 20-кІэ гъэмэщІауэ ящэхэтщтащ. Иджыпсту Іуэхур зэрекІуэкІым кьегъэлъагъуэ бюджетым пыщІа кьалэн псори зэрытхуэгъэзэщІэнур. Ящэм кьызэрытщыхъуу щытам хуэдэу, экономикэм щынагъэщхэх кьеуэлІакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрыр и нэхъыбапІэкІэ зэлэжьыр мэкъумэщ ІэнатІэр арауэ зэрыщытам кьыхэкІыу абы кризисыр кьытехъэльащакъым. Дэ предприятэ ину куэд диІэкъым. Пэжщ, завод зыбгъэущІым я лэжьыгъэр тІэкІу ягъэмэщІащ, ауэ абыхэм ящыщу зыри кьэувыІакъым. Дэ кьызэрытлытатмкІэ, бюджетым и хэхъуэ Іыхьэр планым кьызэрыщыгъэльэгъуам хуэдизу 2010 гъэми дгъэзэщІэрын хуейщ.

Зэрыщыту интервьюм фыщепль хъунущ http://www.vesti.ru//, http://president-kbr.ru/ сайтхэм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ Іанэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унэмщ ыщІэзэхэтащ Урысей Федерацэм и Ипщэ щыІэнльэм щыІэ Парламент Ассоциацэм Экономикэ политикэмрэ бюджет Іуэхуэмкіэ и комитетым и зэІущІэ. Ар иригъэкІуэкІащ Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым-Хасэм и депутат, комитетым и унафэщІ Мыгу Рашид.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІым и кІэлэдэ **Бозия Натбий** хьащІэхэр щыгъуазэ ищІащ республикэм и экономикэ, политикэ щытыкІэхэр зыхуэдэм, КъБР-м и Парламентым 2009 гъэм игъуэта зэхуэсІыныгъэхэм.

ЗэІущІэм щыхэпльащ къэралым и Ипщэ федеральнэ округым хьыкъэ щыІэнальэхэм кьаІэта Іуэхугъуиблым.

Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым-Хасэм и жэрдэмкІэ, зэІущІэм унафэ кьыщащтащ къэралым и щыІэнльэхэм я кадастр Іуэхуэхэм ятеухуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Іэтащхьэ Путин Владимиррэ Къэрал Думэм и Унафэщі Грызлов Борисрэ тхыгъэкІэ зы хуагъэзэну. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуащ Адыгейм и зы жылагъуэ кадастр планкІэ Краснодар щыналъэм хатхауэ а кІуэжэм щыпсэуэхэм я щІы налогыр гъунэгъу краим щатын хуей зэрыхъум.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмрэ хьэрычэт Іуэхуэхмкіэ и комитетым кІэхилъхьащ аукционым хэтынухэм абы теухуа лъэІу зэрат щІыкІэр егъэфІэкІуэн хуейуэ. Аукцион кІэщІыззрагъэпэщкІэ, а Іуэхур зезыхьэхэм Іэмал ягьуэт сатум хэтынухэр зэрыхуейуэ кьыхэхьу, хьэпшыпхэр зэращэну уасэри зэрегуакІуэу яубзыхуну. Мис апхуэдэ хьилагъэхэм пэщІэт зэхъуэкІынымкІэ федеральнэ законхэм хэлъхьапхъэу зэІущІэм кьыщалъытащ.

Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и ЛыкІуэхэм кьыхальхьащ Урысей Федерацэм и Налог кодексым зэхьэзэкІынигъэхэр егъэгъуэтын хуейуэ. Депутат **Фидаров Казбек** зэрыжиІамкІэ, сабийхэр гъэхъуэжыным текІуэдэну мылъку къэгъуэтынымкІэ дэІэпыкъуэгъу кьалъхьхъуэу щІыху куэдым зыкъыхуагъаІэз. Налог кодексым хэтщ зи сабий гъэхъуэжыным мылъку хэзыльхьахэм ят налогыр зыгъэзмащІэ статьяр. Абы зегъэубгъун хуейуэ, зи бынхэм я узынщагъэм ахьшэ тезыгъэкІуэдэну кьызыхудэкІхэм я мызакъуэу, зи адэ-анэхэр зыгъэхъужхэми я налогхэр яхуэгъэмэщІапхъэу кьальхьытэ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Парламентым и депутатхэм.

Апхуэдэ жэрдэмхэр Къэрал Думэм нэса нэужь щыналъэхэм я парламентхэм я Іуэху ельпыкІэхэм нэхъ куу щыгъуаз защІ хабзэщ. Апхуэдэу щытми, Ассоциацэм и зэІущІэм кьрихьэлІахэм мурад ящІащ Фидаров Казбек зи гугъу ищІар дАІыгъуу, Урысей Федерацэм и хабзэгъэзэ орган нэхъыщхьэм абы хэплъэну зыхуагъэзэну.

Астрахань щыналъэмэ кьыкІар хабзэгъэзэ жэрдэмт - ар теухуат къэрал, муниципалитэ мылъкур приватизацэ щыным хэлъ гугъуехьэхэм. Арщхьэкіэ, а областым и ЛыкІуэхэр зэІущІэм кьыхэзэримыхьэлІар кьалъытэри, кьыкІэлъыкІуэ зэхуэсым щыгъэпытэну Іуэхур зэкІэ зэрагъэтІылъэкІащ.

Ростов щыналъэм и хабзэгъэзэ собранэм и ЛыкІуэ **Энтин Александр** зэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ Федерацэмкіэ Советым и Унафэщі Миронов Сергей, Къэрал Думэм и Унафэщі Грызлов Борис, УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Путин Владимир сымэ зэрызэхуагъазэ Іуэхум. Ар ехьэлІащ Іуэхрыч тІыкІыумрэ курытымрэ я Іуэхугъэ ІапІэхэм кьэралым и деж бэдэжнду кьэщащта мылъкур щащэжкІэ, псом яп ар езыхэм ящэхужыну хуит щыным. КьызэрыщІэкІымкІэ, а Іуэхум льэпощхьэпо куэд хэлъщ. Псальэм папщІэ, хьэрычэтышІэхэм бдзэнэду яІыгъ пэшыр метр зэбгъэуэнатІэ бжыгъэ пыухыкІам щІигъумэ, къащэхуну хуиткъым. ИкІи а бжыгъэр щІыналъэ кьэс щызэхуэдэкъым. Апхуэдэу зэрыщытыр хьэрычэтыщІэхэм заужьыным зэран хуэхъуу кьальытэри, зэхуэсахэм унафэ кьащтащ Ростов щыналъэм и жэрдэмри дАІыгъуу.

Урысей Федерацэм и Ипщэ щыналъэм щыІэ Парламент Ассоциацэм Экономикэ политикэмрэ бюджет Іуэхуэхмкіэ и комитетым унафэу кьищтащ зыхэплъа Іуэхуэхэр Ассоциацэм и кьыкІэлъыкІуэ зэІущІэ зыубгъуагъэм кьыщыхалъхьну.

ГЪУЩІО Зарифэ.

Псым и къабзагъыр сыт хуэдэ?

Къэбэрдей-Балъкъэрым Дыкъэзыуухьурейхь дунейр хъумэныгъэ щІым и хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэпыныгьмкІэ и министерствэм мы зэманым къэгъэІутэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр ирегъэкІуэкІ псым и къабзагъыр хъумэным ехьэлІауэ.

ІЭЩІАГЪЭПІХЭМ къызэралъытэмкІэ, сэтей кьэщІауэ етхьэкъупхьащ псы Іуфэхэр пхъэнкІий идзыпІэ зыщІ Іуэхущ Іапі эхэм, унагъуэхэм, щІыху щхьэхуэхэм. 2010 гъэм Урысейм лэжьэн щыщІидзэнущ «Псы кьабзэ» кьэрал программэм. Абы ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ щхьэхуэхэм щыгъэрахъуэкІынущ псы зэрыкІуэ бжьамийхэр, щІыхур зэфэ псыр Іэмэпсымэщ Іэхэмкіэ ягъэкъэбзэнущ. Апхуэдэуи кьэхъагъэщащ ди щІыпІэм ноби кьэщІагъэсэбэн хлорыр щІыхум и узынщагъэмкІэ зэранытгъэ іэпхъэ зимыІэ нэгъуэщІ химие пкъыгъуэхэмкІэ хуэм-хуэмурэ зэхъуэкІын зэрыхуейр. Кьэралгъуэ куэдым нобэ кьэщІагъэсэбэн активированнэ фІамыщІым кьыдэкІуэу, экологием и хъумакІуэхэм кьагупсысащ нэгъуэщІ зы Іэмалыщи. Ар псы зэхуэхьэсыпІэхэм деж зооныр щыхэутІыпщхьэнырщ. Абы псыр егъэкъабзэри, «окІуэсыкІыхь», щІыхум ар зыхищІэну хуэнмысу. Мы Іэмалыр кьагъэсэбэну щІадзэну я мурадщ илъэс дызэхуэкІуэм.

ШЭРДЖ Дисэ.

«Филантроп» дунейпсо саугъэтым и лауреат

«Ныкъуэдыкъуэхэм-рэ абыхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэрадэІэпыкъуам папщІэ» саугъэт щхьэхуэр хуагъэфэщащ Бренкевич Анатолий.

УАРДЭ Жантинэ.

Щыналъэ зэхьэзэхуэхэр къапоплъэ

Тхьэмахуэ кІуам духащ «Фэ топ» республикэ зэхьэзэхуэр. Абы и кІэух зэІущІэхэр щекІуэкІащ Налшык, Бахьсэн, Прохладнэ кьалэхэм. Зэхьэзэхуэр кьызэрагъэпэщащ КъБР-м Футболымкіэ и федерацэм, Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм, Налшык, Бахьсэн, Прохладнэ кьалэхэм я администрацэхэмрэ спорт комитетхэмрэ.

ГУП НЭХЪЩЫМ и кІэух зэІущІэу Налшык дэт школ №31-мрэ Тэрч кьалэ и «Фортуна»-мрэ я командэхэр зыхэтар «Спартак» республикэ стадионым щекІуэкІащ. Зэхьэзэхуэ гуащІэм бжьыгъэр 1:0-у текІуэныгъэ кьащІахьащ налшыкдэсхэм. Я ныбжь елъытауэ щыуэ ягуэша гупхэм щытекІуахэр гъэльэпІэнным кьрихьэлІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі, Футболымкіэ федерацэм и президент **Ярин Андрей**, егъэдэжныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, спортымрэ туризмэмкІэ министр **АфІэунэ Аслъан**, Налшык кьалэ администрацэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Портэ Галинэ** сымэ.

ТхьэмахуитІкІэ екІуэкІа зэхьэзэхуэ гуащІэхэм командэхэм мыпхуэдэ увыпІэхэр кьащІахьащ: **нэхъыжь гупым** - 1) Налшык дэт школ №31-м, 2) «Фортуна» (Тэрч кьалэ), 3) Кэнжэ кьуажэ дэт школ №20-м, 4) КьащІэк кьуажэм; **курыт гупым** - 1) Налшык дэт школ №31-м, 2) Старэ Лэскэн дэт школ №2-м, 3) Бахьсэненкэ дэт школ №3-м, 4) Кьащхьэтау кьуажэм; **нэхъыщІэ гупым** - 1) Налшык дэт школ №23-м, 2) Налшык дэт школ №31-м, 3) Нартан къуажэм дэт школ-интернатым, 4) Старэ Шэрэдж дэт школ №1-м.

Гупхэм щытекІуа командэхэм сом мин 500, ельІанэ хьуахэм - сом мин 250-рэ, ещанэр зыубыдахэм - сом мини 150-рэ, ельІанэр къэзыхьахэм - сом мини 100 иратащ.

КьищынэмыщІауэ, зэІущІэхэм нэхъыфІу зыкьыщІзыгъэльэгъуа ныбжьыщІэхэм саугъэт щхьэхуэхэр ираташ «Спартак-Налшыкым» и футболистэу Мэшыкъуэ Аслъан, Хомич Дмитрий, Кисенков Владимир, Калимуллин Рустем, Концевой Артем сымэ.

Республикэ зэпеуэм щытекІуахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр щІыналъэ зэхьэзэхуэхэм щахъумэнущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрей футболист ныбжьыщІэхэм захуэгъаІэ.

Сурэтхэр **ЕЛЪКЪАН Артур** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ ныпІэкІэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2009 гъэм и епІуанэ илъэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щыгевдзэ хъунущ республикэм и поцт Іуэхущ Іапі э псоми.

Ди индексыр 51531

● ЗэІущІэхэр

Нэхъ кууэ щыгъуазэ защІ

Мэлыхъуэ Эммэ Мухьэмэд и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуж и судыщІэхэм я Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. **Мэлыхъуэ Эммэ Мухьэмэд и пхъур** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык кьалэм и суд участкэ №17-м зэзыгъэкІуж и судыщІэм и кьулыкъум илъэсищ пІалъкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык кьалэ
2009 гъэм накъыгъэм и 28-м
№73-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЛыкІуэу Телерадиовещанэмкіэ зэпеуэ комиссэм хэтыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«ЩІым тет эфир телерадиовещанэ къызэгъэпэщыныкІэ, апхуэдэу телерадиовещанэм папщІэ радиочастотнэ каналыщІэ убзыхуныкІэ къэгъэсэбэпыныкІэ хуитныгъэ кьахьыным хуэгъэзэ зэпеуэхэр егъэкІуэкІыным и Іуэхукі Урысей Федерацэм и Правительствэм 1999 гъэм мэкъуаугъуэм и 26-м кьыдигъэкІа Унафэ №698-м, Телерадиовещанэмкіэ федеральнэ зэпеуэ комиссэм теухуа Положенэм япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЛыкІуэу Телерадиовещанэмкіэ федеральнэ зэпеуэ комиссэм гъэкІуэн **Хъащхьэжъ Татьянэ Борис и пхъур** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ щІыхубэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмрэ я Іуэхукі и Унафэщі.

2. Кьару имыІэжу кьэльытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЛыкІуэу Телерадиовещанэмкіэ федеральнэ зэпеуэ комиссэм хэтым и Іуэхукі» 2007 гъэм накъыгъэм и 31-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщта Унафэ №1147-П-П-м.

3. Мы Унафэр Телерадиовещанэмкіэ федеральнэ зэпеуэ комиссэм хуегъэжьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык кьалэ
2009 гъэм накъыгъэм и 28-м
№94-П-П

Псы Іуэхугъэ

Пан Ги Мун кьеГъэуэв

ООН-м ЩынагъуэщІагъэмкІэ и Советыр мэкъуауэгъуэм и 12-м ЗэпІэлъэнущ Курыкмрэ Абхъазымрэ мамырыгъэ щыгъэтезыІыгъэ дзэм хуагъэува пІалъэм пыщІным, Ираным, Косовэ, Иракым, Афганистаным, КНДР-м епха Іуэхугъуэхэм.

ООН-м и «каска щІыхуэхэм» Куржымрэ Абхъазымрэ щаІэ мандатым и пІалъэр йокІ мэкъуауэгъуэм и 15-м. ЩынагъуэщІагъэмкІэ Советым и унафэщІ, Тыркум и лъыкІуэу ООН-м щыІэ Илкин Баран зэрыжиІамкІэ, мазэм тым ехьэлІа резолюцэхэр тещІыхьауэ щытынущ Куржымрэ Абхъазымрэ дзэм щигъэзащІэ кьалэнэхэр хъуэжын хуейуэ ООН-м и Генеральнэ секретарь Пан Ги Мун кьызэригъэувым.

Дзыхым кІэроху

- Лъэпкъ гъэрым еІуэ щы-мыту, дуней псом зэхуэдэу кьыщацъэсэбэнуну ахьшэ лІужьыгъуэ кьызэдгъэпэнкІэ, долларыр нэхъ кьарунщ, хьэн хуейкьым. ТІум щытыкъумк іэ димыІэнкІэ Іэмалынщэнщ дянэкІэ дунейпсо финанс системэм лъабжьэ хуэхъун ахьшэ дгъэжьыгъуэ гъэр, - жиІащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий, Америкэм и «Си-Эн-Ен Си» телеканалым интервью щритым.

Медведевым зэрыжиІащи, дунейпсо кризисым и зэранкІэ, долларым хуащІ дзыхым кІэрыхуащ.

- ЗэрытщІэщи, дунейпсо гугъуехьхэр кьыщежьар Америкэм и экономикэращ. США-м и правительствэр а гугъуехьхэр гъэзэкІужьыным тэмэму иужь итамэ, кризисми дуней псор зэщІнубыдэнтэкъым, - кьыхигъэщащ Медведевым.

Хъэршым макІуэ

«Хабл» хъэрш телескопыр 1990 гъэм орбитэм ирауТІыпхьаг НАСА-мрэ Европэм и хъэрш агентствэмрэ.

Абы щІыр ихьуреягъкІэ зэ кьиІэтыхъыным дакьикъэ 97-рэ триГъэкІуэ ІаІэу арат, зы секундым километрий хуэдизкІу. Америкэм и космонавт Скотт Альтман зи унафэщІ астронавт гупыр махуэ 11-м кьриубыдэу тхуэ хьэрш зэІухам хьыхьнущ, телескопым Іэмэпсымэщ Іэу тІу трагъэувэн, тетхэм щыщу мылажьхэри зэтрагъэпсыхьажьын папщІэ.

НОБЭ

◆ ЩІэпхьаджагъэ зыкІэлъыІэрахьа сабийхэм я дунейпсо махуэщ. А унафэр 1982 гъэм щыщхьэІум и 19-м ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и сессием кьыщащтащ, Израиль и кхъухьлъатэхэм Бейрут бомбэкІэ щІэзэхакъутам хэкІуэда сабийхэм я фоеплъу.

◆ Ингуш Республикэм и махуэщ. 1992 гъэм мэкъуаугъуэм и 4-м Урысей Федерацэм и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ УФ-м хэту Ингуш Республикэр кьыщэрыунэхум ехьэлІауэ.

◆ Тонгэ пащтыхыгъуэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - 1970 гъэм къэралыр щхьэхуит хъуащ.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 4 - 7-хэм Евросоюзым хэт къэрал 27-м щыхахьнущ Европарламентым и депутатхэр.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 4 - 6-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІынущ экономикэмкІэ XIII дунейпсо форумыр.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 27-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 42-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 15-рэ.

ПлЪэпэгъ зыгъэхъэзырыр ГЪУЩІО Зарифи.

● Футбол

● Аруан куей

ТекІуэныгъэм щогугъ

«Урысейм и кьалэ нэхъ зэпэщ» урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну зыгъэгъэзэгъэгъуэхэм ящыщщ Нарткьалэ.

КІУЭ ПЭТМИ зи тепІъэр нэхъри еФІакІуэ кьалэм нужьрей итъэситІым дзжьыгъэщхуэ щокІуэкІ. Кьащтэмэ, Урысейпсо мардэм тету гъэзугъэр зыхуей хуэгъэззэным трагъэкІуэдащ сом зы мелуаным нэс. Мыбы кьыщыгъуэтыгъуейщ асфальтыр щІэуэ зытрамылъхьа зы уэрами. Уэрамхэм я мызакъуэу, уэздыгъэ дахэхэмкІэ кьатъэнэхуащ кьалэ папкр, зыгъэпсэхупІэ утыкуэм тетІысхьэпІэхэр щІэуэ щагъэуващ.

«Нарткьалэ и горзеленхозІуэхущІапІэм кьалэм и ІупльапІэхэмрэ ут нэхъыщхьэмрэ щыхисащ щхьэантІагъэрэ роззу 300-м нэс. Мы пльэсым щыщІэдзауэ Іуэхущ Іапі эм и мурадщ кьалэр зэрагъэдахэ щхьэантІагъэхэр, псей лІэужьыгъуэхэр, удз гъагъэхэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм лъапІэу кьыщымыщэхуу езым игъэкІну. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм и сэбэпкІэ щІыпІэ самоуправленэми езы Іуэхущ Іапі эми я мылъкур нэхъ зэгъэзэхуа хъуну кьалъытэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щ Іалэгъуалэм я илъэс

«Студент гъатхэр» - Кавказым»

2009 гъэр ди къэралым щагъэуващ Щ Іалэгъуалэм я илъэсу. Абы ипкъ иткІэ, дзнэкІи щокІуэкІ си щІалэгъуэхэм я жьыджрагъыр, зэфІэкІыр къэзыІэт, ябгъэдэль зэчийр къэхутэным хуэгъэпса зэІущІэхэр. Апхуэдэ зэхьэхьэ дахэ мэкъуауэгъуэм и 10 - 13-хэм Налшык щекІуэкІынущ. «Студент гъатхэр» - Кавказым» зыфІаща фестивалым хэтынущ Ипщэ Федеральнэ щыналъэм хьыхьэ республикэхэм, крайхэм, областхэм щыщ щІалэгъуалэ гупхэр.

Мэкъуауэгъуэм и 10-м сыхьэт 16-м Налшык и Музыкэ театрым фестивалым хэтынухэм я концерт щекІуэкІынущ.

Мэкъуауэгъуэм и 11-м сыхьэти 10-м Музыкэ театрым «Студент гъатхэр» - Кавказым» щыналъэпсо фестивалыр кьыщыщІэухынущ. Абы щагъэльэгъуэнущ фестивалым хэтхэм абы хуагъэзэ хьэзыра программэр.

Мэкъуауэгъуэм и 12-м сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 30-м кьыщыщІэдзауэ сыхьэт 11 хъуху «Студент гъатхэр» - Кавказым» щыналъэпсо фестивалым хэт щІалэгъуалэ гупхэри абы кьрихьэлІа хьэщІэхэри махуэщхуэ пэкІум хэтынущ. Ахэр ириКІуэнущ Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрамым, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цІэкІэ щыІэ утым кьыщыщІдзауэ Театр щхьэантІэм нэс. А гуфІэгъуэм хэтынущ щыху мини 3-м щигъу.

Сыхьэт 11-м Театр щхьэантІэм щекІуэкІынущ гала-концертышхуэ. Пщыхьэщхьэм, **сыхьэт 20-м**, щІалэгъуалэр Абхъаз утым щызэхуэсынущ. НыбжьыщІэхэр абдеж щыджэгунущ, кьыщыфэнущ. ГуфІэгъуэм и кІэухыу хьэрэкІытІэхэр драгъэльэтеинущ.

ФыщІэупщІэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: 77-66-09; 77-83-35.

Пэмыжыжьэ щІыкІыбгъуэр

ООН-м и Генеральнэ Ассамблеер

ООН-м и Генеральнэ Ассамблеер Іуэхугъэ 64-рэ ящІащ Палестинэм и щІыкІыбгъуэр зэрыщытыр хьэрычэтыщІэхэм заужьыным зэран хуэхъуу кьальытэри, зэхуэсахэм унафэ кьащтащ щыналъэм и жэрдэмри дАІыгъуу.

ГЪУЩІО Зарифэ.

Щ Іэныгъэ ІэпыІэгъуэ

Ди ныбжьыщІэхэм я ІэпыІэгъуэ

**Ди ныбжьыщІэхэм я ІэпыІэгъуэ ящІ Іэнатіэ ІэпыІэгъуэ ящІ ІэнатІэ ІэпыІэгъуэ ящІ ІэнатІэ ІэпыІэгъуэ ящІ ІэнатІ

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

ЛэжьапІэм укъыІуагъэкІмэ

●Чэнджэщ

Дунейпсо экономикэ кризисым лэжьапІэ зыгъэмрэ лэжьакІуэхэмрэ я зэхущытыкІэр нэхъ гугъуж ищІащ. Абы и щыхьэтщ Лэжьыгъэмрэ цыхухэр ІэнатІэмІэ къызэгъэпэщыныкІэ Федеральнэ къулыкъуэм мазэ кьэс къыдэлъхьэ тхьэуэсыхафэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр. НтІэ, сыт щІэн хуейр лэжьапІэ зытеІуэ куэдым жуэлэ ирет ЛэжьыгъэмкІэ къэрал инспекцэм и унафэщІым и къуэдзэ Вольская Наталье.

- Наталье, сыт цыхуэхэр нэхъыбзу зыгъэхъуэсыхэр?

- Дэ зыкъыхуагъаэзэ лъэныкъуитІми. Лэжьакіуэхэр епъэпІейт ей улахуэр и чэзум кьыдэзрырамытым, ІэнатІэм щыІуагъэкІкІэ, хабзэм къыгъэуВ щэсыпІэхэр зэрамыгъэзащІэм, нэгъуэщІ куэдми. ЛэжьапІэ зыгъэр нэхъыбзу чэнджэщ хуэныкъуэу аращ. Абы хэм зрагъэщІэну хуейщ лэжьэгъуэ зэманыр, цыху бжыгъэр хабзэм уемыбакъуэу бгъэмащІэ зэрыхъну щІынкІэр.

Гу лъыпкъэгъэзэну сыхуейщ мы гъэм и япэ мазищым кьрнубыдэу Мэзкуу областым и закъуэ лэжьыгъэмкІэ къэрал инспекторхэм якуКъудиНуэ лэжьакІуэхэм сом мелуан 28-рэ зэрыратыжкам.

- Тхьэусыхафэкр нэхъ мащІэ хъуауэ къэпІэтыгъэр?

- Ди жагъуэ зэрыхъэщи, апхуэдэу схужыІэнукъым. Къэтхъэусыхэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Ар кьыхъыхэкІыр зи ІэнатІэм Іуагъэкіым хабзэмкІэ хуагъэув щэсыпІэхэмрэ компенсацэхэмрэ зэрыэщхьэщыкІыр цІыхухэм къаэрыгурымыІуэрщ. ЦІыхур ІэнатІэм Іуагъэкіыу мазитІщыкІэ лэжьапІэ ямыгъуэта, я псэукІэр Іей хъуа иужькІэщ нэхъыбэр захуагъэр зэфІагъэувэкыну цІыхущІэкъур.

- Пэж дыдэу, апхуэдэ куэдрэ урохьэлІэ, Ауэ сыт пщІэнур уэ езыр ларэзыуэ ІэнатІэм уІуКынну лъэІу тхьэрэ нтхыпу унафэщІым тригъэчыныхьмэ?

- Мыбдежьым кьыбгурыІуэн хуейщ: лъэІу тхьилъ тхъамэ, абы ди унафэщІым тригъэчыныхьами, уи фІэфІыныгъэр къэбГъэлъэгъуауэ аращ. Ар имытхъуэ лэжьакІуэм зыми Іуигъэкіыфынукъым. УнафэщІыр и лэжьакІуэм гурыІуэмэ нэхъ тэмэщІ е хабзэм тету Іуигъэкіынм иужь ихьэн хуейщ.

- У эри кьыбгуроІуэ «езыр хуейуэ» лэжьапІэм зэрыІуагъэкІ щІынІэр. Кьапщтэмэ, выговорхэмкІэ, къэпщытэныгъэхэмкІэ, нэгъуэщІхэмкІэ ягъэшынэ, къоныкъуэкъу.

- Пэж дыдэу, апхуэдэу куэдрэ кьохъу. Ауэ лъэныкъуитІри тетын хуейщ «лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэкІэ» зэджэ тхьытым, абыхэм Іэ зытрадзам. Абы кьыщыгъэльэгъуа псори лэжьакІуэми унафэщІми нэху ягъэзащІэну я пщэ кьыдохуэ. Лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэм итхам нэхъыбэ зыми ямыдыкъуэ зи хуитыныр.

- Пэжыгъэ зэгурыІуэныгъэр лэжьакІуэм иратын хуей?

- Абы и зы экземпляр лэжьакІуэм иритыну и кьалэнщ ар ІэнатІэ кьэзыщтам.

- Іуагъэкіа иужь хуэфэнщэну ахъшэмрэ лэжьыгъэ тхьилъымрэ и чэзум къраІ мытыжмэ, сыт лэжьакІуэм ищІэн хуейр?

- Ди жагъуэ зэрыхъэщи, апхуэдэ Іуэхугъуэхэми заубгъуащ. Абы щыгъуэми, ІэнатІэ зытым цІыхур щыІуигъэкіа махуэм иритхьэлІэу ахъшэхэр иритыну, и тхылъри и чэзум къримытыжамэ, лэжьакІуэр щхьэусыгуГъэнщІэу ягъэхьэулеяуэ кьалъІэ. Апхуэдэ кьэ хьумэ, ди деж кьлэхэну чэнджащ язоІ. А ныкъусаныгъэхэр лэжьапІэ зытым ящІэзэкІуэкыну дэ хуэдгъэувынущ.

Гугъуехьхэр банкым и зэранкІи кьэхьуфынущ. Абы щыгъуэми абы щыхьэт текІуэу тхылъхэр ди пащхьэ кьраІухьэну яхудогъэув щыхуэхэр лэжьапІэ кьэзыщтахэм.

- ІэнатІэхэр зэрагъэмащІэм кьыхэкІыу лэжьапІэм Іуагъэкіыр зыщыгугъ хъунур сыт?

- Лэжьыгъэ ІэнатІэхэр ягъэмащІэным щхьэусыгуву зэхэхъуэ хуейщ Іуэхущапіэм нэгъуэщІ уэхэкІэ зэригъэуэтыр е и экономикэ щытыкІэр. «Къэралым (е дунейм) кризис щыІэщи, фыдогъэмащІэ», жаІэкІэ зэфІэкІынукъым. Арац ди кьэпщытэныгъэхэр кьэщыщІэддзэри.

Лэжьакіуэм, Іуагъэкіынм мазитІ иІэжу, и ІэнатІэр зэрагъэмащІэмкІэ и унафэщІым тхьытэкІэ хьыбар кьригъэщІэн хуейщ. Абы и уэкькІэ ар щигъэлажьэ хъуну иІэ ІэнатІэ псори кьыхуигъэльэгъуапІэщ. Абыхэм ЛяНну мыкІрэзэрымэ, ар тхьытэкІэ кьегъэльагъуэ.

Лэжьакіуэр Іуагъэкіыну хьыбар щрагъащІэм щымыІауэ, кьыкІэтыкІуэ мазитІым арэзы кьэзыщыІэн ІэнатІэ кьыкъэхІмэ, ар абы хуагъэльэгъуэну я кьалэнщ.

Хьыбар ирагъэщІа нужькІэ, иджыри мазитІкІэ и улахуэр кьрату лэжьакІуэр и ІэнатІэм пэрытщ. ЩыІуКІкІэ, ику ит лэжьапІщІэ кьратри, тхьэмахутІым кьриубыдэу цІыхухэм ІэнатІэ кьэзыщыкІэ Іуэхущапіэм учетым щоув. Мазэм кьриубыдэу абы ІэнатІэ кьыщыхуамыгъэтыфмэ, здэщыІа лэжьапІэм аргуэру ику ит зы улахуэ кьыщрат. ИужькІэщ лэжьапІэншагъэкІэ пособие щыхуагъэувынур.

Аращи, зэрыІуагъэкІынмкІэ хьыбар щрагъэщІа махуэм щэгъэжьауэ мазиплкІэ лэжьакіуэм улахуэ кьрат икІи а зэманым кьриубыдэу Іуэхущапіэ ІэнатІэ кьэбгъэуты нэхъ тыншщ.

- Лъэныкъуэхэр арэзыуэ лжьакІуэр Іукімэ-шэ?

- Абы я фейдэ хэлъщ лъэныкъуитІми. Ауэ, кьыхьхьэгъащІи, зэгурыІуэныгъэ псори тхьытыкІмпІэм итын хуейщ. Кьапщтэмэ, хъыбар зрагъэщІа лэжьакІуэр арэзыщ занщІэу Іукіынмэ, зи гугъу тщІа улахуищри кьратынущ. Лэжьапіэ зытми ар идэмэ, тхьытэкІэ ар кьыщыгъэльэгъуа зэгурыІуэныгъэ зэращІылІэ.

- Хабзэр кьыдэпауду Іуагъэкіар и лэжьапІэм вгъэувыжьыфынуг?

- Абы и унафэр зыщІыр судырщ. Дэ Іуэхур зэрыщыхьатыр хуейр я пащхьэм итатхьэу аращ. Ауэ жысІэфынущ Іуэхур судым намыгъэсу зэгурыІуэмэ, лъэныкъуэхэм я фейдэ нэхъ зэрыхэтыр - зэныкъуэкъыпкъэр кьыхьлІыкъыш, кьару, мыпкъу зытекІуадэщ.

ЛОГВИНОВЭ Светланэ.
«Московский комсомолец».

●Хьэрычэтыщ1э

Лужков хьэзырщ олигархэм я мылъкур къатрихыу, цІыхубэм ятригуэшэжыну

Урысей мелардырыбжэхэм я мылькур кьытрахыу цІыхубэм трагъэшэжыну кьыхилъхьэ Мэзкуу и унафэщІ Лужков Юрий иужьрей ІэнатІэм мыІэ-мыІтІэу Кремлым зыхуигъэзащ.

- Доллар мелард 500-м щІигъу хамэ кьэралхэм кредиту кьыщыІахащ ди хьэрычтыщІхэм, - жиІащ Лужковым кьалащІэм и профсоюз активым щахуэзам. - Иджы ахэр етыжьын хуейщ. Нэгъабэ щІыхуэу япшныжьын хуейр доллар мелард 45-рэ хъурт, мы гъэм - мелард 100-м щІегъу. Абыхэм а мылькур и щхьэм трагъэкІуэдащ, уардэунэхэр, яхтэхэр, нэгъэщІ зыхуеІихэр кьащэхъуурэ. Иджы, дауи, ахъшэ яІэжжьым.

Кьалащхьэм и унафэщІым кьыхэрилытэмкІэ, кьэралыр псэунымкІэ, абы зиужьынымкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ, олигархэм яІэщІэлъ Іуэхущапіэхэри щытыкІэ хьэлъэм иуващ.

- Промышленностым и ІэнатІэхэр кьригъэлъи папщІэ кьэралым икІэщІыпІэкІэ лжьыщхьэхэр зэфІигъэкІын хуейщ, - кьелъытэ Лужковым. - Ди гъэтІылъыгъэхэм иРсондэджэруэ егъэлеяуэ кьудей хьуа олигарххэм зраІэхэфэ Іа мылькур кьытрахыжьыну кьыхуэзо-дж.

Абы щыгъуэми гурыІуэгъуэкъым Мэзкуу и унафэщІым езым и щхьэгъуэ Батуринэ Еленэ зыхигъэхьэр сыт хуэдэ гупрами. «Форбс» журналым ар кьэралым щынэхъ кьудей дыдэхэм яхеёжи икІи дунейпсо финанс кризисым и ЗэранкІэ доллар мелардди 3,3-рэ фІэкІуэдами, кьыхуэна мелуан 900-ри мащІэкъым.

Нэхъапэм Лужковым жиІэу ящытащ къэралым и дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхущапіэхэмрэ щІым и хьугъуэфЫгъуэхэмрэ зыІэщІэзыльхьахэм кьатехьжауэ, зыхуей хуэгъэзэжа нужькІэ, рынокым щыжкІуэхэсэжкІэ приватизацэ щІыпхъэу.

«Кьатехауэ, гуэшыжьын» революцэ кьыхуэджныгъэр кьыхущ Мэзкуу и унафэщІым «Транскапитализмэмрэ Урысеймрэ» фІищауэ иджыблагъэ кьыдигъэкІа тхылъым. Абы щызэпкърех нобэрей кризисым и кьежьапІэу кьилъытэ щхьэусыгуГъэхэр икІи и гупсысэ нэхъыщхьэр кьамылэжьауэ мылькуПхуэ зэзыльэфэІа олигархэм я зэранкІэ цІыхубэр кІуэ пэтми нэхъ кьуелейсы зэрыхьурщ.

«Эхо планеты» журнал.



Мэзкуу и унафэщІ Лужков Юрийр абы и щхьэгъуэ мелардырыбжэ Батуринэ Еленэрэ мыльку кьэлэжьыным теухуауэ я Іуэху еплъыкІэхэр зэтемыхуэнкІи мохъу.

●ГъэщІэгъуэнщ

Уэгум ущыІэзэауэмэ - кьуэдыуэ сом мин 290-рэ

2007 гъэм и бадзэуэгъуэм Санкт-Петербург икІыу Тыркум кІуэ кхъуэльатэм къиІэзэжьи хуей хьуащ. ЩхьэусыгуГъуэр - ефра цІыхухъуэм ТІым зэрыщІэдзэри.

Кхъуэльатэзэхуэхэмрэ стюардессэхэмрэ ахэр зэкІэрачыжьну хэтащ, арщхьэкІэ губжьа лІитІым япэлъэщакъым. Абы хэм кьухьльатэ кІуэцІыр зэтракъутэу уэгум ит псори бгылъхь хадзэфынут. Арати, кьагъэзэжу кьэтІысхьажну кьхъуэльатэм и командирым унафэ ищІащ.

Дауи, авиакомпанием бзаджащІэхэр судым иритащ. Абы пьандэрэ Іуэхур зэхагъэкІащ, иджы, икІэм-икІэжьым, судыщІэхэм я унафэр наІуэ хъуащ. Абы ипкъ иткІэ, ефраУ уэгум щыІэзэзуэ щІалитІым кьудыуэ сом мин 290-рэ тралъхьащ. Кьагъэзэжьын хуей зэрыхъуэм и зэранкІэ, апхуэдиз хэщІыныгъэ авиакомпанием иГъуэтауэ кьалъытащ. Абы хохьэ ягъэса фэтыджэным и уасэр, пассажирхэм я гъэзэгупщІэр, экипажым и улахуэр.

НэхъыбжэкІи щІалахэм етхьэкъуфынут. Арщхьэкіэ нэхъапэм щІэпхьаджагъэ зэраІэщІэмыщІар, щылажьэ Іуэхущапіэхэр кьаззэрыщхьэщыжар, кхъуэльатэм исахэм зэран зэрахуэмыхъуар, унагъуэ, сабий зэраІэр кьалытэри, мы зэм абыкІэ зэфІагъэкІащ.

- Абы щыгъуэми, пассажирхэм я зэранкІэ нэщхьеягъуэ куэд уэгум кьыщохьу, - кьыджкІащ «Пулково» авиакомпаниемкІэ кьлагъуэм ядэпсжьэныкІэ и департаменты и унафэщІ Лобач Дмитрий. - Аращ, зэман куэд ихьами, мы Іуэхур и кІэм нэсыхукІэ щІэзэхагъэкІар, кхъэнщІэхэм тезыр щІытралъхьар. Хэт ищІэн, адрейхэм дерс кьыхахынкІи хъунщ.

БЕЗМЕНОВЗ Аленэ.
«Комсомольская правда».

●Спорт

УЕФА-м и Кубокыр Донецк къыщонэ

Украинэм и ІутІыжщ. Европэм и футбол командэ лъэщхэр иужь дыдэу мы гъэм щІыззныкъуэкъуэ УЕФА-м и Кубокыр Донецк и «Шахтер»-м зыІэригъэхьащ, Истамбул щекІуэкІа финалым Германием и «Вердер»-р 2:1-уэ щыхигъащІэри.

«Шахтер»-р сыт щыгъуи кубокым щІэбэныф командэу щытащ. Абы и щыхьэтщ СССР-м и апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр ар инкІейрэ зэрыщытекІуар.

Иужьрей ехъуЛэныгъэм Донбассым и командэр щІэзэпищІым щІигъкІэ хуэкІуащ. 1996 гъэм абы и президенту мелуанырыбжэ Ахметов Ринат зыи иужькІэ, «Шахтер»-р Украинэм и чемпионым и тІуанэ ЗфыпІэм нэхърэ нэхъ лъахъшэу ЗхъехакъЫм икІи Киев и «Динамо» клуб цІэрыІуэм нЫкъуэкъуэгъу нэс хуэхъуащ. Хьэлэмэтращи, ардыдэращ «Шахтер»-м УЕФА-м и Кубокым и финалым кІуэн папщІэ къыпэщІэтар. Украинэм и командитІым я зэныкъуэкъым Донецкыр щытекІуэри, кубокри зыІэригъэкІащ.

«Шахтер»-м езы Украинэм къыщынэмыщІауэ, ягъэзащІ Іуэрыдуэ Іуэхущапіэ Донецк къыщынэщ. Ар къызыхэкІар мы гъэм и бжьыхьэм щыщІэдзауэ нэгъуэщІ зэпеуэ - Европэм и лигэ - зэхаублэнущи аращ.

Украинэм и президент Ющенкэ Виктор «Шахтер»-м и ехъуЛэныгъэм хъхъэныгъэ хуэзыщІа псори, цІыху 60 хъууэ, иджыблагъэ иригъэблагъэри, къэрал дамыгъэ дъапІэхэр яритащ. Клубым и унафэщІ Ахметов Ринати ахэр гулъытэнщэу кьигъэнакъым - УЕФА-м и Кубокыр зэи кьэмыхъхъуауэ къэралым кьыхуэхьэсэ евро мелуан ныкъуэ зырызкІэ яхуэупсащ.

ШПЕНКОВ Михаил.
«Известия».

ДытекІуащ!

ЛэжьапІэм укъыІуагъэкІмэ

●Чэнджэщ

Дунейпсо экономикэ кризисым лэжьапІэ зыгъэмрэ лэжьакІуэхэмрэ я зэхущытыкІэр нэхъ гугъуж ищІащ. Абы и щыхьэтщ Лэжьыгъэмрэ цыхухэр ІэнатІэмІэ къызэгъэпэщыныкІэ Федеральнэ къулыкъуэм мазэ кьэс къыдэлъхьэ тхьэуэсыхафэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр. НтІэ, сыт щІэн хуейр лэжьапІэ зытеІуэ куэдым жуэлэ ирет ЛэжьыгъэмкІэ къэрал инспекцэм и унафэщІым и къуэдзэ Вольская Наталье.

- Наталье, сыт цыхуэхэр нэхъыбзу зыгъэхъуэсыхэр?

- Дэ зыкъыхуагъаэзэ лъэныкъуитІми. Лэжьакіуэхэр епъэпІейт ей улахуэр и чэзум кьыдэзрырамытым, ІэнатІэм щыІуагъэкІкІэ, хабзэм къыгъэуВ щэсыпІэхэр зэрамыгъэзащІэм, нэгъуэщІ куэдми. ЛэжьапІэ зыгъэр нэхъыбзу чэнджэщ хуэныкъуэу аращ. Абы хэм зрагъэщІэну хуейщ лэжьэгъуэ зэманыр, цыху бжыгъэр хабзэм уемыбакъуэу бгъэмащІэ зэрыхъну щІынкІэр.

Гу лъыпкъэгъэзэну сыхуейщ мы гъэм и япэ мазищым кьрнубыдэу Мэзкуу областым и закъуэ лэжьыгъэмкІэ къэрал инспекторхэм якуКъудиНуэ лэжьакіуэхэм сом мелуан 28-рэ зэрыратыжкам.

- Тхьэусыхафэкр нэхъ мащІэ хъуауэ къэпІэтыгъэр?

- Ди жагъуэ зэрыхъэщи, апхуэдэу схужыІэнукъым. Кьэтхъэусыхэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Ар кьыхьхьэкІыр зи ІэнатІэм Іуагъэкіым хабзэмкІэ хуагъэув щэсыпІэхэмрэ компенсацэхэмрэ зэрыэщхьэщыкІыр цІыхухэм къаэрыгурымыІуэрщ. ЦІыхур ІэнатІэм Іуагъэкіыу мазитІщыкІэ лэжьапІэ ямыгъуэта, я псэукІэр Іей хъуа иужькІэщ хэхъыбэр захуагъэр зэфІагъэувэкыну цІыхущІэкъур.

- Пэж дыдэу, апхуэдэ куэдрэ урохьэлІэ. Ауэ сыт пщІэнур уэ езыр ларэзыуэ ІэнатІэм уІуКынну лъэІу тхьэрэ нтхыпу унафэщІым тригъэчыныхьмэ?

- Мыбдежьым кьыбгурыІуэн хуейщ: лъэІу тхьилъ тхъамэ, абы ди унафэщІым тригъэчыныхьами, уи фІэфІыныгъэр кьэбГъэлъэгъуауэ аращ. Ар имытхъуэ лэжьакІуэм зыми Іуигъэкіынукъым. УнафэщІыр и лэжьакІуэм гурыІуэмэ нэхъ тэмэщІ е хабзэм тету Іуигъэкіынм иужь ихьэн хуейщ.

- У эри кьыбгуроІуэ «езыр хуейуэ» лэжьапІэм зэрыІуагъэкІ щІынІэр. Кьапщтэмэ, выговорхэмкІэ, къэпщытэныгъэхэмкІэ, нэгъуэщІхэмкІэ ягъэшынэ, къоныкъуэкъу.

- Пэж дыдэу, апхуэдэу куэдрэ кьохъу. Ауэ лъэныкъуитІри тетын хуейщ «лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэкІэ» зэджэ тхьытым, абыхэм Іэ зытрадзам. Абы кьыщыгъэльэгъуа псори лэжьакІуэми унафэщІми нэху ягъэзащІэну я пщэ кьыдохуэ. Лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэм итхам нэхъыбэ зыми ямыдыкъуэ зи хуитыныр.

- Лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэр лэжьакІуэм иратын хуей?

- Абы и зы экземпляр лэжьакІуэм иритыну и кьалэнщ ар ІэнатІэ кьэзыщтам.

- Іуагъэкіа иужь хуэфэнщэну ахъшэмрэ лэжьыгъэ тхьилъымрэ и чэзум къраІ мытыжмэ, сыт лэжьакІуэм ищІэн хуейр?

- Ди жагъуэ зэрыхъэщи, апхуэдэ Іуэхугъуэхэми заубгъуащ. Абы щыгъуэми, ІэнатІэ зытым цІыхур щыІуигъэкіа махуэм иритхьэлІэу ахъшэхэр иритыну, и тхылъри и чэзум къримытыжамэ, лэжьакІуэр щхьэусыгуГъэнщІэу ягъэхьэулеяуэ кьалъІэ. Апхуэдэ кьэ хьумэ, ди деж кьлэхэну чэнджащ язоІ. А ныкъусаныгъэхэр лэжьапІэ зытым щІэзэкІуэкыну дэ хуэдгъэувынущ.

Гугъуехьхэр банкым и зэранкІи кьэхьуфынущ. Абы щыгъуэми абы щыхьэт текІуэу тхылъхэр ди пащхьэ кьраІухьэну яхудогъэув щыхуэхэр лэжьапІэ кьэзыщтахэм.

- ІэнатІэхэр зэрагъэмащІэм кьыхэкІыу лэжьапІэм Іуагъэкіыр зыщыгугъ хъунур сыт?

- Лэжьыгъэ ІэнатІэхэр ягъэмащІэным щхьэусыгуву зэхэхъуэ хуейщ Іуэхущапіэм нэгъуэщІ уэхэкІэ зэригъэуэтыр е и экономикэ щытыкІэр. «Къэралым (е дунейм) кризис щыІэщи, фыдогъэмащІэ», жаІэкІэ зэфІэкІынукъым. Арац ди кьэпщытэныгъэхэр кьэщыщІэддзэри.

Лэжьакіуэм, Іуагъэкіынм мазитІ иІэжу, и ІэнатІэр зэрагъэмащІэмкІэ и унафэщІым тхьытэкІэ хьыбар кьригъэщІэн хуейщ. Абы и уэкькІэ ар щигъэлажьэ хъуну иІэ ІэнатІэ псори кьыхуигъэльэгъуапІэщ. Абыхэм ЛяНну мыкІрэзэрымэ, ар тхьытэкІэ кьегъэльагъуэ.

Лэжьакіуэр Іуагъэкіыну хьыбар щрагъащІэм щымыІауэ, кьыкІэтыкІуэ мазитІым арэзы кьэзыщыІэн ІэнатІэ кьыкъэхІмэ, ар абы хуагъэльэгъуэну я кьалэнщ.

Хьыбар ирагъэщІа нужькІэ, иджыри мазитІкІэ и улахуэр кьрату лэжьакІуэр и ІэнатІэм пэрытщ. ЩыІуКІкІэ, ику ит лэжьапІщІэ кьратри, тхьэмахутІым кьриубыдэу цІыхухэм ІэнатІэ кьэзыщыкІэ Іуэхущапіэм учетым щоув. Мазэм кьриубыдэу абы ІэнатІэ кьыщыхуамыгъэтыфмэ, здэщыІа лэжьапІэм аргуэру ику ит зы улахуэ кьыщрат. ИужькІэщ лэжьапІэншагъэкІэ пособие щыхуагъэувынур.

Аращи, зэрыІуагъэкІынмкІэ хьыбар щрагъэщІа махуэм щэгъэжьауэ мазиплкІэ лэжьакіуэм улахуэ кьрат икІи а зэманым кьриубыдэу Іуэхущапіэ ІэнатІэ кьэбГъэлъэгъуну нэхъ тынщ.

- Лъэныкъуэхэр арэзыуэ лжьакІуэр Іукімэ-шэ?

- Абы я фейдэ хэлъщ лъэныкъуитІми. Ауэ, кьыхьхьэгъащІи, зэгурыІуэныгъэ псори тхьытыкІмпІэм итын хуейщ. Кьапщтэмэ, хъыбар зрагъэщІа лэжьакІуэр арэзыщ занщІэу Іукімэ, зи гугъу тщІа улахуищри кьратынущ. Лэжьапіэ зытми ар идэмэ, тхьытэкІэ ар кьыщыгъэльэгъуа зэгурыІуэныгъэ зращІылІэ.

- Хабзэр кьыдэпауду Іуагъэкіар и лэжьапІэм вгъэувыжьыфынуг?

- Абы и унафэр зыщІыр судырщ. Дэ Іуэхур зэрыщыхьатыр хуейр я пащхьэм итатхьэу аращ. Ауэ жысІэфынущ Іуэхур судым намыгъэсу зэгурыІуэмэ, лъэныкъуэхэм я фейдэ нэхъ зэрыхэтыр - зэныкъуэкъыпкъэр кьыхьлІыкъыш, кьару, мыпкъу зытекІуадэщ.

ЛОГВИНОВЭ Светланэ.
«Московский комсомолец».

●ЗэпыщІэныгъэхэр

Абхъаз оппозицэр зыгъэпІейтейхэр

Оппозицэ политикэ кьар уэхэм мызахуагъэу кьалытэ «къэралым, лъэпкым я натІэ хьунур зэлыта унафэхэр президентым и закъуэу кьыззэрищтэр». Абыхэм быдзу я фІэщ мэхьу абхъаз лъэпкым-гъэ Урысеймрэ щыпсэухэмрэ я зэхущытыкІэхэм яп я щхьэ Іуэхухэр изыгъэщхэм къэралыр щыхуІпэм я жьауэ.

Абхъазым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ къэрал зэгурыІуэныгъэ псори кьанэ щымыІэу парламент комитетхэмрэ комиссэхэмрэ кьыщапщытэжьын, абыхэм пкыйын хуейуэ оппозицэм кьелытэ. «Псори дыззэрыубыдмэщ Абхъазым зыщедгъэужьыфынури, Урысейм худи Іэ кьуэш пыщІэныгъэхэр щыдгъэбыдэфынури», - итщ оппозицэм зэгъуэсу игъэхьэзыра тхыгъэм.

«Северный Кавказ».

●Псэзэпылъхьэпі Іэнатіэ

Псэзэпылъхьэпі Іэнатіэ

●Къэхъукъащ1эхэр

Иркутск областым и губернатор Есиповский Игорь зэрыса вертолетыр къеХуэхри, и администрацэм и лэжьакІуэхэмрэ кхъуэльатэзехуэмрэ и гъусэу иджыблагъэ хэкІуэдащ.

Ди къэралым кьулыкъу лъагэ щызыІыгъэхэм ар япэу къащІыщІ гузэвэгъуэкъым. Иужьрей илъэсиблым кьриубыдэу Урысейм и щІыналъхитхум я унафэщІхэр аварие зэмылІэужьыгъуэхэм хэкІуэдащ. Нэщхьеягъуэхэм я щхьэусыгуГъэ къагъэльагъэр гъуэгумрэ уэгумрэ я хабзэхэр кьыщэрызэпаудырщ.

Лебедь Александр, *Красноярск крайм и губернатору щытащ.*



2002 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м Красноярск крайм и - 8 вертолетыр щыхецхуэхри иукІащ. Абы и гъусэу хэкІуэдащ цІыхухэ, 13-м фэбжь зэмылІэужьыхьуэхэр ягъуэтащ. Къэхъуар зэхэзыгъэхІа Къэрал комиссэм вертолетыр зезыгъэкІуахэр я кьалэнхэм пэмылъэщауэ кьилъытащ. Арщхьэкіэ ягъэхьыбар, дунейм и щытыкІэр мыщІагъуэ пэтми, къэтІысыжьину Лебедь имыдауэ.

Фархутдинов Игорь, *Сахалин областым и губернатору щытащ.*



2003 гъэм щыщхьэІуэ и 20-м Камчаткэм кьыщехуэхаМи - 8 вертолетыным и исащ. Абы и гъусэу иукІащ пассажир 17-рэ экипажымрэ. КъэхъуамкІэ занщІэу кхъуэльатэзехуэхэр ягъэкъуэнщащ, арщхьэкІэ Іуэхур щызэхагъэкІым наІуэ кьэхъуащ: хабзэм кьемызэгъэуу, диспетчерхэм хъыбар ирамыгъащІэу, маршрутыр кьулыкъущІэхэм я унафэкІэ яхъуэжат.

Евдокимов Михаил, *Алтай крайм и губернатору щытащ.*



2005 гъэм щыщІэ - хьэІуэм и 7-м - Бийск - Барнаул гъуэгум къущы - хъуа автомобиль зэхьэхэуэм хэ-

Есиповский Игорь, *Иркутск областым и губернатору щытащ.*

2009 гъэм накъыгъэм и 9-м Иркутск областым и кьыщехуэха вертолетым ису хэкІуэдащ. Абы и гуэсахэу губернаторым и аппаратым и унафэщІр, щхьэхъуэмэр, кхъухьлъатэзехуэр ягъэкІащ. А ретрыр планым итхьэкІ икІи ятхуэу щытащ.

АРЕФЬЕВЭ Анастасие.
«Известия».

●Хэхъуэ

Хэт нэхъыфІу псэурэ?

«Форбс» журналым кьызэрилытэмкІэ, дунейм улахуэ нэхъыфІ дыдэ щызыІэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я дохутырхэр щІ. Іейкьым я кьаралым и щІэныгъэ лабораторэхэм я лэжьакІуэхэм, финансистхэм я Іуэхуэри. Дауэ ятхьуу пІэрэ абыхэм дыдейхэр?

Улахуэ нэхъыбэ дыдэ зиІэхэм американ дохутырхэр зэрахэтрэ куэд щІащ. Абы и щхьэусыгуГъуэ кьалъытэр медицинэ пщІэншэ США-м щІагъуэу зэрыщымыІэрщ.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, узынщагъэм кІэлъыбГъэлІыныр, зыбгъэхуэжьныр сыт щыгъуи лъапІэщ.

Менеджер-хэр-ищІэщхьэм я улахуэри хэпщІыкІыу дэкІуейщ. Ику итым фІыуэ щхьэщокІ адвокатхэм, щІыдагъэ кьыщІэщыным щылажьэ инженерхэм, кхъухьлъат зэехуэхэм, авиадиспетчерхэм, финанс менеджерхэм я хэхъуэхэри.

«Форбс»-м и журналистхэм зэрратымкІэ, нэхъ мащІэ дыдэ кьэзылэжьхэр ЗкапІэхэм щылажьэхэрщ.

Абыхэм илъэсым я хэхъуэр доллар мин 17,4-рэ хъуэу аращ (ди ахъшэмкІэ мазэ кьэс сом мин 45-м ноблагъэ). Американкэр дахьэхьщэркьым кассир, кьегъэжьакІуэ, билет зыщІэ Іэщагъэхэм.

Хьэлэмэтращи, улахуэр нэхъ мащІэхукІэ, ар кьэзылъхьым я бжыгъэр нэхъыбзщ. Алтуэдэхэр щыІэу мелуан 15,6-рэ США-м щохьу. Лэжьапщ1э нэхъ ин дыдэ кьыщІахь ІэнатІэ 25-м тІуанэ зэрыхъуар мелуани 3-щ.

Ди деж Іуэхур дауэ щытщыт? Росстатым кьызэриты мкІэ, нэхъапэми х уэдэу, зи улахуэр нэхъыбэ дыдэр щІыдагъэ кьыщІэщыным пыщІахэмрэ банк лэжьакІуэхэмрэщ. Зи Іуэхур нэхъ Іей дыдэр пхъэм, щэкІым, мэкъумэшым щелэжь ІэнатІэхэрщ. Абыхэм я улахуэр ику иту сом мини 10-м (доллиу 300-м щІигъу) нэсккым. Дохутырхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ кьалэжьыр нэхъыбзщ, ауэ ахэри Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыпсэу я лэжьэгъуэхэм хуабжьу пэжыжьщ.

КАЛЕДИНЭ Анне.
«Российская бизнес газета».

●Ищ1э щыналъэм щыхъыбархэр

Президентхэр зэгурыІуэ

ИНГУШ, *Мэгъас кьалэм иджыблагъэ щызэІущІащ Шэшэнымрэ Інгушымрэ я президентхэр. Ахэр телсэлъхьащ щІыналъэм, псом хуэдизу зэгурыІуэнгъэ республикитІым, щыщІэ щытыкІэм.*

- Дэ и гугъу тщІащ Іуэхур гъэтэмыжьын зэрыхуейм , - жиІащ Шэщэным и президент Кадыров Рамзан. - Дэращ зыщІыхуур уи дзыхь зэбгъэз хьунуэхри, кьоцщІыжьнуэхри. ДощІэ ди льэпкъэр зыхуейри. Абы щыгъуэми Іэщэкіэ зэщІэузэда кьарухэм я дэІэпыкъуныгъэри ІэщІыб тщІыныкъым.

- Зы республикэм итхумэ адрейм Іэпхъуэу щымыту, ди псэукІэр зэтедгухуэжьныным зэран кьыхуэхьу щІэпхъаджащІэхэм кІэ еттын хуейщ, - пищащ псалъэмакъым Ингушым и лІыщхъэ Евкуров Юнус-Бэч. - Ди кьалэн нэхъыщхьэр араш, нэгъуэщІ хэкІапІэ диІэкъым.

Бдзэжьейр езым ейуэ

ШЭШЭН. *2012 гъэм нрихьэлІэу республикэм илъэс кьэс бдзэжьейт тонн мини 2,5-рэ щагъэхьунущ.*

Бдзэжьейт зыгъэхъу Іуэхущапіэр зэфІагъэувэжьын папщІэ федеральнэ программэ щхьэхуэм кьыхэкІыу Шэшэнымрэ Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм сом мелуани 118-рэ Іэрыхьэнущ. Ар хохьэ «Агропромышленнэ комплексым зеГъэужьынымрэ» льэпкъ проектым.

Сом мелард 20 хамэ къэралхэм ягъэІэпхъуэ

РОСТОВ ОБЛА СТЬ. *Дон Іус Ростов щыІэ «Донактивбанк», «Атлантбанк» коммерческэ банкхэм, къэралым и кьалащхьэм щыІэ я кьудамэхэр къагъэсэбэпурэ, сом мелард 20-м нэблагъэ хамэ къэралхэм ягъэІэпхъуащ.*

Абыхэм зэпыщІа